# Melow sangu janaba.

Jële nañu ci Maymuunatu ndayu jullit ñi -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Tegal naa Yonnente bi sangukaay, ma làqe ko ab sér, mu sotti ci ñaari loxoom, daal di leen di raxas, mu sotti ci ndayjooram ci kaw càmmooñam daal di raxas awraam, mu teg loxoom ci suuf daal di koy fomp, topp mu raxas ko, mu daal di gallaxndiku daal di saraxndiku, daal di raxas kanamam ak ñaari loxoom, mu daal di sotti ci kaw boppam, mu daal di tooyal mbooleem yaramam, mu daal di randu, daal di raxas ay tànkam, ma jox ko ab moorso te jëlu ko, mu wéy dem di fëgg ay loxoom.

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Ndayu jullit ñi Maymuunatu -yal na ko Yàlla dollee gërëm- day xamle melo wi Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- doon sangoo janaba, ndax da koo tegaloon ndox ngir mu sangu ci, mu suturaale ko ab sér, Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- def yii di ñëw: Bi ci njëkk: dafa sotti ndox mi ci loxoom daal di leen di raxas njëkk mu leen di dugal ci ndab li. Ñaareel bi: mu sotti ndox mi ci loxo ndayjooram ci kaw loxo càmmooñam daal di raxas awraam; ngir setal ko ci jeexitalu janaba ji ci taq. Ñatteel bi: mu dóor loxoom ci suuf daal di koy fomp topp mu raxas ko ngir dindi lor wi ci nekk. Ñenteel bi: mu gallaxndiku; te mooy mu dugal ndox ci gémmiñam daal di koy yëngal wërale ko daal di koy yàbbi, daal di saraxndiku; mooy dugal ndox mi ci bakkan bi ci ag noyyi, daal di koy génne ngir setal ko. Juróomeel bi: mu raxas kanamam ak ñaari loxooom. Juróom-benneel bi: mu sotti ndox mi ci kaw bopp bi. Juróom-ñaareel bi: mu sotti ndox mi ci li des ci yaram wi. Juróom-ñatteel bi: mu soppi bérab ba daal di raxas ñaari tànkam ci beneen barab ndax raxasu leen woon njëkk loolu. Mu indil ko ab moorso ngir mu fomp ci, jëlu ko, mu tàmbali di fomb ndox mi ci yaramam ci loxoom bi di ko fëgg.

https://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3310